



Fason Nou Ka Ede w Ak Fanmi w Jwenn Byenfè

Chak moun merite yon chans pou avanse nan la vi a. Nan òganizasyon nou an, nou pran angajman poun travay ak timoun, jèn, epi fanmi nan yon fason ki ka ede yo, tankou:

1. Konprann epi devlope pwòp entèlijans yo
2. Genyen yon eksperyans pozitif
3. Rete an sante ak kè kontan otan ke posib

Nou itilize de kalite sistèm de travay poun asire ke nou bay yon sèvis nan yon fason ki ede timoun yo, jèn yo ak fanmi yo jwenn sa yo bezwen pou sipòte yo. Sistèm de travay sa, se yon seri de kalite ide ki òganize nan yon fason ki ede nou byen reflechi sou fason nou dwe fè travay nou. Sistèm travay nou itilize yo, yo baze sou rechèch ki fèt sou timoun, fanmi, ak byennèt yo.

Premye Fondasyon Travay sa se Kat **Gwo Poto Mitan HOPE** – Ki Vle Di Yon Sante Djanm Grasa Bon Eksperyans Pozitif.

Kat Gwo Poto Mitan HOPE sa yo ki parèt pi ba. Rechèch montre, lè yon moun fè gwo eksperyans pozitif pandan yo te timoun, sa ede yo vin grandi an sante, tankou sante mantal, ak bon konpotman sosyal pandan tout lavi yo. Nou travay avèk paran yo e men m ak moun kap okipe timoun yo kòm gadyen lè paran yo absan. Epi tou nou travay ak edikatè, pwofesyonèl sante ak sante mantal, epi jèn yo. Travay sa yo fèt nan yon fason poun ede tout moun sa yo jwenn mwayen pou bay timoun yo plis sipò ki ede yo fè bon jan eksperyans pozitif nan Kat Gwo Poto Mitan sa yo, tankou:



Relasyon ak lòt timoun epi ak lòt granmoun nan fason yo aji youn ak lòt nan yon seri de aktivite pèsònèl



sekirite, ekitab, estab pou viv, jwe, aprann pandan yo lakay epi nan lekòl yo.



Sosyal ak Sivik, angajman pou devlope yon sans apatenans ak koneksyon.



Kwasans Emosyonèl ki ede yo pandan yap jwe epi kominike ak zanmi yo pou konsyantizasyon epi ak kontwòl tèt yo.

Dezyèm Fondasyon travay la se **Fè Fanmi Yo Vin Dyanm [Strengthening Families]**, Ki konsantre sou senk faktè pwoteksyon ki ede paran, timoun, ak fanmi yo jwenn byenfè.

Faktè pwoteksyon sa yo se yon mwayen ki ede ou rete an sante epi ede ou avanse pi devan. Epi tou li ede ou refè apre ou te sibi yon moman difisil oswa apre ou te fè fas ak yon problèm grave ki te choke ou anpil. Tout sa montre nan imaj ki parèt anba a. Fanmi yo gen kapasite pou devlope faktè pwoteksyon sa yo, ki enfliyanse nan kominote kote yap viv ladan li an, ak relasyon youn ak lòt, epi sipò ak opòtinite yo genyen.

Paran Djanm

Jere estrès yo trè byen epi yo fonksyone byen lè yap fè fas ak advèsite, oswa problèm ki bay chòk

Relasyon ki an sante ki ankouraje yon sans koneksyon, apartenans, ak enpòtans.

Koneksyon sosyal

Konesans sou wòl paran ak devlopman timoun

Aprann wòl yon paran, nan devlopman timoun, epi itilize pratik ki apwopriye nan etap devlopman timoun nan

Idantifye, aksè, pou defann, ak resevwa bezwen debaz ke tout moun merite avèk sèvis espesyalize pou adrese yon seri bezwen espesifik

Sipò konkrè

Konpetans sosyal ak emosyonèl timoun yo

Ede timoun yo devlope yon konpetans sosyal pozitif epi ede yo kontwòle emosyon yo ak konpòtman yo.

Kisa Ou Ka Fè

Fanmi yo ka pran yon seri de etap pou ogmante aksè timoun yo nan tout Kat Gwo Poto Mitan HOPE yo, epi devlope pwòp Faktè Pwoteksyon pa yo

Sa ka rive Faktè yo diferan pou chak fanmi, men kèk ide ki genyen ladan yo:

Relasyon ak Koneksyon Sosyal:

- Sa a se pou ran sosyal ou – kiyès ou tcheke lè ou bezwen sipò? Kiyès ki gen yon enpak pozitif sou ou ak pitit ou yo? Si ou te pèdi kontak ak yon zanmi oswa yon fanmi, èske ou ka eseye rekonekte pou antre an kontak avèk yo ankò?
- Sa a se pou ran sosyal ou – kiyès ou tcheke lè ou bezwen sipò? Kiyès ki gen yon enpak pozitif sou ou ak pitit ou yo? Si ou te pèdi kontak ak yon zanmi oswa yon fanmi, èske ou ka eseye rekonekte pou antre an kontak avèk yo ankò?

Anviwònman ak Asistans Sosyal:

- Aprann plis sou sipò ki disponib nan kominote wap viv la ki ka ede fanmi yo satisfè bezwen debaz yo. Resous sa yo ka ede ou oswa yon lòt fanmi ou konnen. Kote ou ka jwenn kay pou abite? Manje pou manje? Owsa swen Sante?
- Kenbe kay ou an sekirite kote ou gen yon plan de sekirite ki mete sou kontrol oubyen anba kle, zam, medikaman preskripsyon, oswa sibstans ki danjere.
- Pase ti tan deyò ak fanmi w. Ale nan lakou a, fè ti promnad mache nan jaden yo, monte bisiklèt nan katye a, oswa jwe boul deyò a.

Angajman Sosyal ak Sivik, ak Koneksyon Sosyal:

- Pale ak timoun ou yo de kote yo santi yo byen epi ki enpòtans sa gen pou yo. Petèt se kapab lakay yo, nan lekòl yo, ak yon gwoup zanmi, oswa nan yon ekip. Ki jan ou ka ede yo rete aktif? Ki jan ou ka ede yo jwenn plis kote yo santi yo byen?
- Pale souvan ak pitit ou yo de zanmi yo ak koneksyon sosyal yo. Ede yo konprann kiyès ladan yo ki ka gen yon enfliyans pozitif oswa kiyès ki ka gen yon enfliyans negatif sou yo.
- Panse ak kote ou santi ou pi byen epi ki enpòtan sa gen sou ou! Fè yon lis koneksyon sosyal ou vle konstwi epi panse sou fason ou ta renmen kòmanse fè sa. Antre nan yon club, kòmanse yon konvèsasyon ak yon vwazen, oswa patisipe nan yon kominote katye. Gade ki moun w ap rankontre epi ki jan ou santi w!

Kwasans Emosyonèl ak Paran Ki Djanm, Konesans sou Paran ak Devlopman Timoun, Konpetans Sosyal ak Emosyonèl Timoun:

- Pwochènn fwa pitit ou yo fache, ou ka ede yo kalme. Nou rele sa ko-regilasyon (Co-regulation) Gen yon seri bon mwayen ou ka kòmanse fè sa, pa ezamp: Lè yo fache nou ka respire ansanm, site yon seri de kote santiman soti nan kò nou, oswa ede yo konekte ak reyalyite a nan moman sa tout pandan wap site yon seri de bagay nou ka wè, tandè, santi, pran sant, oswa goute.
- Fè yon ti panse sou lavi ou kòm paran. Èske gen seri de bagay ou ta renmen fè pi byen? Pa egzanp, petèt ou ta renmen pi byen konprann pitit ou nan etap sitiyasyon devlopman aktyèl la, ou ka li yon liv oswa koute yon podcast pou aprann plis. Si ou santi ou gen estrès oswa jwenn difikilte antanke yon paran, ou ka planifye yon ti tan avèk patenè ou oswa yon bon zanmi pou pale. Si ou vle fè plis pou ede lòt paran, ou ka patisipe oswa òganize yon aktivite nan kominote kote ou rete a. Nou tout ka aprann epi jwenn konesans poun jwe wòl yon paran kòm sa dwa!